लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता

# इब्राहीम से परमेश्वर क प्रतिज्ञा



लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Byron Unger; Lazarus

अनुकूलित: M. Maillot; Tammy S.

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2017 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


प्रलय की बहुत
समय बाद, पृथ्वी
पर लोग एगो
योजना बनवलें।


उ सब कहलें, "आवअ
हमनी क हमेशा खातिर
एक सँगे रहल जा" ...


... अउर एगो अइसन शहर
क निर्माण करल जा जेवना
क गुम्मद स्वर्ग तक होखे।
उ सब एकही भाषा
बोलत रहलें।

परमेश्वर चाहत रहलन कि उनकी द्वारा
रचल दुनिया में लोग चारो तरफ
निवास करें। एही खातिर
उ कुछ खाश कइलन।



परमेश्वर उन सबके नाया भाषा दिहलन। अचानक, ओ समुदाय के सब केहू, अलग अलग तरह से  बात करे लागल।



जेतना लोग एक सामान भाषा बोललें, एक साथ होके दूर चल गइलें। इंहाँ तक कि जे केहू दूसरा क बोली ना समझ पावल, उ सब एक दूसरा से डेराये लागल।



ए तरह से परमेश्वर अलग अलग सब देश की लोगन से भरलें। जेवनी शहर के उ सब छोड़ के चल गइल रहलन लोग, ओके बाबेल की नाम से बोलावल



गईल, जेकर मतलब भ्रम होला।

बहुत साल की बाद, चल्दीश के उर नाम की जगह में, परमेश्वर, अब्राम नाम की एगो आदमी से बात कइलें।



परमेश्वर आज्ञा दिहलन, "तू, इ देश छोड़ द, तू ओ देश में जा जेवना के हम देखाइब।"



अब्राम आज्ञा मनलन। परमेश्वर उनके कनान देश ले गइलन। उनकर पत्नी सराय और भतीजा लूत भी उसकी साथे गइलन।



कनान देश में अब्राम अउर लूत दूनों बहुत धनवान हो गइलें। उनकी पास मवेशियन क एगो बहुत बड़ झुण्ड हो गइल।



अंत में ओतना सब
मवेशियन खातिर पर्याप्त
चरागाह ना बचल।



तब लूत क चरवाहा लोग अब्राम की चरवाहवन की संगे झगड़ा कइलन। अब्राम कहलन, "आवअ हमनी क अलग हो जाईल जा" ताकि हमनी की बीच में केवनो मुशीबत खड़ा न होखे।



"लूत, तू पहिले पसंद करअ, जेवन जमीन चाहीं तेवन ले ल।"





लूत शहर अउर गांवन की साथ बिंदीदार एगो बिशाल घास की मैदान के चुनलन। उ बहुत बढ़ियाँ लागत रहे। लेकिन ओ शहर में

बहुत दुष्ट जगह भी रहे।


लूत की चल गइला की बाद, परमेश्वर अब्राम से फिर से बात कइलन। "हम तोहके अउर तोहरा वंश के इ कनान, पूरा देश
के हमेशा खातिर दे देतनी।"


अब्राम अउर सराय क बच्चा ना रहे। एतना महान वादा के परमेश्वर कइसे अपनी तक सीमित रख सकत रहलन।



परमेश्वर की ओर से तीन दूत अब्राम अउर सराय की पास अइलें। उ लोग कहलें, "राउर जल्दी ही एगो बेटा होइहन।"



सराय हँस दिहली, उ परमेश्वर की संदेश पर विश्वास ना कइली। ओ समय उ नब्बे साल क रहली।



परमेश्वर अब्राम से कहलन कि उ अब
इब्राहीम की नाम से अउर सराय, सारा
की नाम से बोलावल जइहें।


परमेश्वर इब्राहीम से इहो बतवलन कि सदोम अउर गमोरा की दूनो दुष्ट शहरन के बिनाश करिहन।



इब्राहीम क भतीजा लूत अपनी परिवार संगे सदोम में रहत रहलन।

लूत परमेश्वर क चेतावनी मान लिहलें, लेकिन उनकी बिटियन क पति लोग सदोम छोड़ला से मना कर दिहलें। केतना दुखद बात ह! उ सब परमेश्वर के वचन पर विश्वास ना कइलें।



आग अउर गंधक उ दुष्ट शहरन पर गिरल। खाली लूत अउर उनकरा दूनो बेटी ही सुरक्षित बच पवली।




अफसोस क बात ह कि,
लूत क पत्नी परमेश्वर
क चेतावनी ना
मानली अउर ...


... उ भगते भागत वापस
पीछे मुड़के देखली। उ एगो
नमक क खम्भा
बन गोइली।

यहोवा, इब्राहीम अउर सारा की साथ आपन वादा बनवले रखलन। जेंगने परमेश्वर उ सब से कहले रहलन, वैसे ही, उनकरा बुढ़ापा में एगो पुत्र पैदा भईल। इसहाक की पैदा भइला पर उ सब बहुत ही खुश भइलें।




सम्भवत: इब्राहीम भी परमेश्वर की प्रतिज्ञा की बारे में सोचत
रहलन कि, ...


... कनान देश
हमेशा खातिर
उनके अउर
उनकरा वंश
के मिली।


परमेश्वर हर समय आपन प्रतिज्ञा पूरा करेलें, एहिसे इ प्रतिज्ञा के भी पूरा
करीहन।

# इब्राहीम से परमेश्वर क प्रतिज्ञा

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

उत्पत्ति ११-२१

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन के क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ
सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई
अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार
लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत
बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप
के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर
एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं।
आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं
अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर
बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16